

26 jen 2024

## AVI SOU PWOPZISYON EVALYASYON NON-AD VALOREM

Chè pwopriyete,

Konte Miami-Dade ap fè yon revizyon anyèl sou frè ki gen rapò ak sèvis ramasaj dechè solid nou yo. Adrès pwopriyete ki endike anwo a nan Dosye Evalyasyon non-ad valorem 2025 pou Konte MiamiDade kòm yon pwopriyete ki peye yon Frè Ramasaj Dechè Solid Rezidansyèl nan Depatman Jesyon Dechè Solid Konte a.

Dapre lwa Eta a, avi sa a bay rezidan yo yon mizajou ke pwosesis sa a ap fèt e ke Frè pou Ranmasaj Dechè Solid Rezidansyèl la ka chanje pou ane k ap vini an. Pou kounye a, pa gen okenn chanjman oswa ogmantasyon ki pwopoze sou to evalyasyon espesyal pou Frè Ranmasaj Dechè Solid Rezidansyèl pou 2025 lan.

Gen enfòmasyon adisyonèl sou frè non-ad valorem Depatman an ki sou do Avi sa a. Men evalyasyon non-ad valorem yo pwopoze pou folyo ki anwo a pou ane fiskal 2025 la:

| Objektif | Deskripsyon Evalyasyon | Evalyasyon 2024 | Pwopozisyon To Anyèl | Inite Mezi | Inite | Valè |
|----------|------------------------|-----------------|----------------------|------------|-------|------|
|----------|------------------------|-----------------|----------------------|------------|-------|------|

### PA PEYE - Sa a se pa yon fakti.

**Evalyasyon yo otorize nan odyans piblik la va faktire nan mwa oktòb atravè**

**Fakti Konbine Taks sou Pwopriyete a.**

### AVI ODYANS PIBLIK

Konsèy Komisyonè Konte Konte Miami-Dade va òganize yon Odyans Piblik sou pwopozisyon Evalyasyon Non-Ad Valorem frè 2025 nan Chanm Komisyon yo ki nan , 2yèm etaj 111 NW 1st Street, Miami, Florida, 33128 madi 16 jiyè 2024, a 9:30 am. Objektif Odyans Piblik la se pou resevwa kòmantè piblik la sou pwopozisyon evalyasyon frè yo anvan desizyon final. Otorite taks yo ka AMANDYE oswa MODIFYE evalyasyon yo pwopoze nan odyans lan.

Tout evalyasyon non-ad valorem ki otorize va vini ansanm ak nan Fakti Konbine Taks sou Pwopriyete 2025 la ki va distribye nan mwa Oktòb epi Pèseptè Taks la va kolekte. Dapre lwa Laflorid, si moun pa peye evalyasyon non-ad valorem lè yo dwe [peyab 1ye novanm jiska 31 mas], sa ap lakòz yo emèt yon sètifika taks sou pwopriyete a; sa ki ka lakòz pèt tit pwopriyete

Pwopriyete ke evalyasyon yo ka konsène gen dwa prezante nan odyans piblik sa a epi depoze objeksyon alekri bay Konsèy Komisyonè Konte Miami-Dade nan lespas ven (20) jou apre dat avi sa a. Ou ka voye lèt nan adrès ki annapre a:

**Department of Solid Waste Management, Public Information and Outreach Division**

**2525 NW 62 Street, 5th Floor, Miami, Florida 33147**

**Oswa imel [DSWM@miamidade.gov](mailto:DSWM@miamidade.gov). Eki nan Liy Sijè a: 2025 Proposed Solid Waste Fee**

Pou mande materyèl nan fòm aksèsib, entèprèt lang siy, ak/oswa nenpòt akomodman pou patisipe nan nenpòt pwogram oswa reyinyon Konte a patwone, tanpri kontakte (305) 514-6646 senk jou davans pou kòmanse demann ou an. Itilizatè TTY yo me tou rele 711 (Relay Sèvis Florid.)

**Para ver este aviso en español, visite por favor nuestro sitio web en [miamidade.gov/wastefee](http://miamidade.gov/wastefee) o llame al 305-499-8738 para recibir una copia del aviso en español por correo.**

**Si ou vle wè avi sa a an kreyòl, vizite sitweb nou nan [miamidade.gov/wastefee](http://miamidade.gov/wastefee), oubyen telefon 305-499-8738 pou ou kapab resevwa yon kopi pa lapòs.**

# Avi sou Pwopozisyon Evalyasyon Enfòmasyon Jeneral ak Kesyon Moun Poze Souvan

## **Pou kisa mwen te resevwa Avi a?**

Kòm pwopriyete nan Florid, ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon espesifik ki konsène w sou Evalyasyon non-ad valorem yo. Avi sa a respekte dwa w lè li ba w detay sou evalyasyon ki pwopoze pou parèt nan Fakti Konbine Taks Pwopriyete pou lane 2025 pwopriyete w la.

## **Èske mwen bezwen reponn Avi sa a?**

Avi sa a se pou enfòmasyon w sèlman, ou pa bezwen reponn. Sepandan, si ou gen kòmantè ou ta renmen Komisyon Miami-Dade la (BCC) konsidere konsènan evalyasyon w yo, ou kapab patisipe pèsonèlman nan odyans piblik la oswa tou ou kapab voye objeksyon w (pa lapòs oswa imèl) bay Department of Solid Waste Management, Public Information and Outreach Division. Tout lèt ki rive anndan 20 jou apre ou resevwa avi sa a ap anrejistre nan dosye BCC a.

## **Kisa evalyasyon non-ad valorem nan ye?**

Yon evalyasyon non-ad valorem se yon evalyasyon espesyal oswa yon chaj pou sèvis ki pa baze sou valè pwopriyete a ak milaj.

## **Ki sèvis evalyasyon an finanse?**

Fon evalyasyon an kapab sèvi pou sèvis piblik ki ap fèt. Ranmasaj dechè solid rezidansyèl se yon egzanp sèvis evalyasyon non-ad valorem lan finanse.

## **Poukisa montan evalyasyon an ka chanje?**

Montan evalyasyon an pou yon sèvis ki ap fèt ka varye chak ane selon kou fonksyonman yo ak egzijans bidjetè. Gen enfòmasyon adisyonèl sou to yo ki disponib sou paj entènèt Depatman Jesyon Dechè Solid – [miamidade.gov/wastefee](http://miamidade.gov/wastefee).

## **Si sa se pa yon fakti, kilè yo ap voye fakti ban mwen?**

Evalyasyon ki apwouve nan odyans piblik la pral faktire atravè Fakti Konbine Taks sou Pwopriyete 2025, Pèseptè Taks Konte Miami-Dade la va voye yo pa lapòs nan mwa oktòb. Pou evite penalite, moun dwe peye totalite fakti taks sou pwopriyete a bay Pèseptè taks la anvan 31 mas. si moun pa peye evalyasyon non-ad valorem lè yo dwe [peyab 1ye novanm jiska 31 mas], sa ap lakòz yo emèt yon sètifika taks sou pwopriyete a; sa ki ka lakòz pèt tit pwopriyete. Nou ofri rabè pou peman ki fèt bonè.

## **Ki sèvis frè mwen an kouvri?**

Kliyan ki gen sèvis konplè yo va kontinye resevwa ramasaj fatra sou twotwa de fwa pa semèn, ramasaj resiklaj sou twotwa chak semèn, itilizasyon ilimite 13 Sant Fatra ak Resiklaj Katye nou yo (TRC), de ranmasaj gwo fatra pa ane, itilizasyon Sant pou Pwodui Chimik Rezidansyèlnou yo ak aplikasyon kòd. Depatman an bay resous ki devwe tou pou anpeche moun jete fatra ilegalman e pou pwoteje kalite lavi nan katye ak kominote nou yo atravè pwogram ki dirab pou anviwònman an tankou “Ann Netwaye.”

**Si w gen lòt kesyon oswa ou bezwen plis enfòmasyon,  
kontakte Depatman Jesyon Dechè Solid nan 305-499-8738  
oswa imel [dswm@miamidade.gov](mailto:dswm@miamidade.gov).**

**Eskane pou plis enfòmasyon.**

